Refijye ak moun ki resevwa azil



Si ou se yon refijye oubyen ou gen estati azil *apwouve*, chanjman nan Medicaid ap vini. Men sa ou bezwen konnen.

- W ap pèdi kalifikasyon ou pou Medicaid nan dat 1ye oktòb 2026.
- Sepandan, ou kalifye pou asistans medikal pou refijye pandan 12 mwa apre ou fin resevwa azil oswa estati refijye. Ou ka kontakte biwo DSS lokal ou a pou aplike. Plis enfòmasyon disponib la a.
- Si ou te ofisyèlman yon refijye oswa yon moun ki te resevwa azil epi kounye a ou resevwa rezidans pèmanan legal (kat vèt), ou *elijib imedyatman* pou Medicaid san yon peryòd datant apre ou fin resevwa kat vèt ou a.
- Ou kalifye pou TANF (Work First Cash Assistance) ak Revini Sekirite Siplemantè imedyatman apre ou fin resevwa estati refijye oswa azil, si ou satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo. *Apre ou fin resevwayon* kat vèt, ou kalifye touswit pou SNAP (koupon manje [food stamps]).
  - Refijye yo ka aplike pou yon kat vèt apre yo fin pase 1 AN Ozetazini.
  - Moun ki resevwa azil yo ka aplike pou yon kat rezidans apre 1 AN nan peyi Etazini *si w gen yon estati azil apwouve.*

ENPÒTAN: Refijye ak moun ki jwenn azil ki se fanm ansent ak timoun ki poko gen 19 an apkontinye kalifye pou Medicaid apre 1ye oktòb 2026, menm si yo poko gen kat vèt yo.

Tan datant pou apwobasyon kat vèt ou a ka long, kidonk si ou poko kòmanse pwosesis pou jwenn kat vèt ou a, ou ta dwe pale ak yon avoka pi vit posib.

- Si ou se yon refijye oswa yon moun k ap resevwa azil ki POKO gen yon kat vèt, ou kalifye pou pwogram sa yo, depi ou satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo:
  - Asirans sante nan men Healthcare.gov (men sèlman jiska 31 desanm 2026)
  - Pwogram nitrisyon pou fanm, tibebe ak timoun (WIC)
  - Manje midi ak dejene lekòl
  - Andikap Sekirite Sosyal ak retrèt Sekirite Sosyal

PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan www.ncjustice.org/health-resources

Ekip k ap defann dwa imigran ak refijye yo pwoteje epi defann dwa imigran ak refijye yo lè l ankouraje politik piblik ki favorize imigran epi lè l bay reprezantasyon legal estratejik.

NORTH CAROLINA JUSTICE CENTER

PO Box 28068 | Raleigh, NC 27611
(919) 856-2570 | www.ncjustice.org